

## **BAB III**

### **MÉTODEU PANALUNGTIKAN**


#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan dijieun mangrupa rarancang pikeun nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab (Arikunto, 2010, kc. 175). Dina ieu panalungtikan desain anu digunakeun nyaéta pamarekan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu ditujukeun pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fénomén, kajadian, aktivitas soasial, sikep, kapercayaan, persépsi, pamikiran hiji jalma sacara individual atawa kelompok. Nurutkeun Moeleong (2011, kc. 6) panalungtikan kualitatif miboga maksud pikeun maham kana fénoména ngeunaan naon nu kaalaman ku panalungtik (subyéék panalungtikan), upamana wae paripolah, persépsi, motivasi, jsb., sacara holistic tur ngaliwatan cara déskripsi dina wangun kekecapan.

Patali jeung éta pamarekan, dina ieu panalungtikan digunakeun métodeu déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 150), métodeu panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Sugiyono (2012, kc. 2) ogé nétélakeun yén métodeu panalungtikan téh énas-énasna mah nya cara ilmiah pikeun meunangkeun data keur tujuan jeung kagunaan nu tangtu.

Sangkan udagan ieu panalungtikan kahontal, tangtuna ngagunakeun cara atawa métodeu nu luyu jeung naon nu baris di talungtik. Dumasar kana éta tujuan, ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif sarta ngagunakeun ulikan téori étolinguistik. Studi étnolinguistik nyaéta kajian nu nafsirkeun patalina antara basa jeung budaya dina ranah nu tangtu. Teu ngan saukur naon nu dilakukeun dina tataran basa, tapi ogé naon nu aya ditukangeun basa nu patali jeung budaya daérahna.

Ku kituna di handap ieu mangrupa rarancang pikeun nuduhkeun gambaran ngeunaan desain panalungtikan nu baris dilakukeun.



**Bagan 3.1: Désain Panalungtikan**  
**Léksikon Ngaput jeung Ngabordél di PD Tjiwulan**

### 3.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 129) sumber data nyaéta subjék anu ngahasilkeun éta data. Sumber data bisa mangrupa tempat atawa lokasi panalungtikan, manusa nu mibanda peran dina éta kajadian. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta pangrajin ngaput jeung bordél PD Tjiwulan di pasantrén Al-amin Kampung Cukang, kecamatan Kawalu, Kota Tasikmalaya. Sedengkeun objék panalungtikanna nyaéta ngaput jeung bordél nu aya di PD Tjiwulan.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta wawancara, lembar catetan, lembar observasi, jeung alat rékam. Alat ukur nu digunakeun dina ieu tulisan disebut instrumén panalungtikan (Sarifuddin, 2008, kc. 77). Dina instrumén panalungtikan, panalungtik ngobservasi ka lapangan ku cara nyiapkeun daftar patalékan nu baris ditanyakeun dina waktu wawancara ngeunaan data-data léksikon nu aya dina ngaput jeung ngabordél di PD Tjiwulan. Lembar catetan jeung rékaman digunakeun nalika prosés ngumpulkeun data. Hal ieu dilakukeun pikeun ngagampangkeun panalungtik nalika prosés nganalisis.

Dina nalika dilakukeun wawancara, panalungtuk nyatet jeung ngarekam naon waé anu kapanggih dina prakték ngaput jeung ngabordél salaku data pikeun di analisis. Hasilna mangrupa video jeung foto prosés ngaput jeung ngabordél di PD Tjiwulan nu ditalungtik. Hal ieu dilakukeun sangkan bisa méré gambaran umum ngeunaan situasi nu aya dina lingkungan produksi ngaput jeung ngabordél. Pikeun nganalisis, léksikon nu geus kapanggih diasupkeun kana tabél klasifikasi, léksikon diatur dumasar kana alphabet jeung disaluyukeun jeung babagian tina ngaput jeung ngabordél. Ieu hal dilakukeun pikeun ngagampangkeun dina nyusun kartu data nu baris digambarkeun instrumén panalungtikan saperti ieu di handap.

**Tabél 3.1: Instrumen Ngumpulkeun Data**

Lembar Observasi		Hasil Analisis	
No.	Istilah Ngaput jeung Ngabordél	Wangun kecap	Ma'na Kecap

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2008, kc. 224) téhnik data téh mangrupa léngkah nu pangstratégisna dina panlungtikan, lantaran tujuan dina ieu panalungtikan nyaéta ngahasilkeun data. Upama panalungtik teu apal kumaha carana ngumpulkeun data, tangtuna moal meunang data nu sampurna.

#### 3.4.1 Téhnik Observasi Partisipan

Téhnik observasi partisipan nyaéta métodeu tradisional nu digunakeun dina antropologi sarta nyaéta sarana pikeun panalungtik asup ka masarakat nu rék ditalungtikna.

Panalungtikan peran serta mangrupa salah sahiji métodeu nu digunakeun dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Mulyana (2010, kc. 163), panalungtikan peran serta nyaéta panalungtikan nu dilakukeun bari peran serta dina kahirupan jalma nu aya patalina jeung objék nu ditalungtik. Panalungtikan peran serta di dieu hartina panalungtik terjun langsung kanu jadi sumber data tuluy ilu biung dina prosésna. Kagiatan nu dilakukeun panalungtik nyaéta ngahaja asup kana kagiatan ngaput jeung ngabordél tuluy ngarékam éta kagiatan.

#### 3.4.2 Téhnik Wawancara

Téhnik kadua nu digunakeun dina ngumpulkeun data nyaéta téhnik wawancara, studi pustaka jeung dokuménntasi. Nurutkeun Endaswara (2003, kc. 212) nételakeun yén wawancara nyaéta prosés *Tanya jawab* dina panalungtikan nu lumangsung sacara lisan, nyaéta dua jalma atawa leuwih silih béjaan sarta ngadéngékeun sacara langsung informasi-informasi atawa katerangan-katerangan.

Ieu téhnik wawancara dilakukeun sangkan panalungtik bisa ngumpulkeun data sacara leuwih jero ku cara langsung. Sedengkeun Téhnik studi dokumentasi bisa disebut ogé téhnik téks. Ieu téhnik digunakeun dina ngumpulkeun data anu dipikabutuh dina ieu panalungtikan, nyaéta pikeun meunangkeun data atawa informasi nu aya patalina jeung masalah nu ditalungtik. Ieu téhnik dirojong ku téhnik observasi pikeun ngumpulkeun data langsung tina objék anu ditalungtik.

Dumasar kana téhnik di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- 1) Datang ka lokasi panalungtikan, manggihan nu boga konféksi ngaput jeung ngabordél.
- 2) Ngayakeun observasi, bari make alat rékam.
- 3) Wawancara langsung ka pihak nu aya patalina kana ngaput jeung ngabordél (pagawé) bari di rékam.
- 4) Nyatet kekecapan istilah nu aya dina ngaput jeung ngabordél.

### 3.5 Téhnik Analisis Data

Bogdan dina Sugiyono (2008, kc. 244) nétélakeun yén analisis data nya ‘eta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data anu kapanggih dina hasil wawancara, cutatan, jeung bahan-bahan anu lain, supaya paham sarta pamanggihna bisa diinformasikeun kanu séjén. Sakumaha nu geus ditétélakeun di luhur, téhnik ngolah data anu digunakeun dina ieu panalungtikan sajalan jeung ngumpulkeun data.

Léngkah-léngkah ngolah data nu baris dilakukeun nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Nitéan deui data nu geus dikumpulkeun
- 2) Nyieun papasingan data ngaput jeung ngabordél dumasar kana wangun kecap.
- 3) Nganalisis wangun kecap dina ngaput jeung ngabordél.
- 4) Ngama’naan istilah tina ngaput jeung ngabordél
- 5) Ngadéskripsikeun unsur-unsur wangun kecap, ma’na jeung kahirupan ngaput jeung ngabordél di lingkungan sabudeureunana.
- 6) Nyusun kacindekan.